

TRAFIG MOUN SE YON KRIM



Li pa legal pou fòse, fè presyon avèk fo pwomès, oswa menase nan nenpòt kalite travay oswa relasyon seksyèl.

Men kèk egzanp trafik sèks:

- Yon jèn ki nan sitiyasyon sanzabri ke yo ofri yon kote ki an sekirite pou l' rete, epi ke yo di l' dwe fè sèks ak kliyan yo.
- Yon travayè nan salon masaj te resevwa lòd pou bay sèvis seksyèl nan travay la pou peye yon dèt.
- Nenpòt minè ki fè sèks komèsyal, kèlkeswa li te sibi fòs, fwod, oswa presyon.

Egzanp trafik mendèv yo ka enkli:

- Yon travayè yo te pwomèt peman alavni, apresa, yo te menase l' ak fo akizasyon yon krim pou kenbe l' kontinye ap travay.
- Yon travayè konstriksyon oblige kontinye travay anba menas vyalans fizik sou tèt li oswa fanmi li.
- Yon anplwaye nan kay ki gen paspò l' yo konfiske epi yo menase depòte l' si l' pa travay plis èdtan gratis.



Konseye yo ka ede elabore yon plan sekirite pou sòti, ki gen ladan lojman, epi konekte ou avèk èd gratis ak konfidansyèl.

**Liy dirèk nasyonal
sou trafik imen: 1-888-373-7888
Oswa voye tèks bay “BeFree” (233733)**